

UNIVERSITY OF CALIFORNIA, SAN FRANCISCO

**DEKLARASYON DWA
PATISIPAN NAN EKSPERYANS**

Dwa yo ki anba a se dwa tout moun yo mande patisipe nan yon etid rechèch. Antanke patisipan nan eksperyans, ou gen dwa annapre la yo:

- 1) Pou yo di ou kisa etid la ap eseye dekouvri,
- 2) Pou yo di ou kisa ki pral rive ou, ak si nenpòt nan pwosedi yo, medikaman oswa aparèy yo diferan ak sa yo ta itilize nan pratik nòmal,
- 3) Pou yo di ou risk, efè segondè, oswa malèz ki rive souvan epi/oswa ki gwo, ki genyen nan bagay ki pral rive ou pou objektif rechèch la,
- 4) Pou yo di ou si ou ka espere nenpòt avantaj nan patisipasyon, epi si genyen, kisa avantaj la ta kapab ye,
- 5) Pou yo di ou lòt chwa ou genyen, ak kijan yo gendwa pi bon oswa pi mal pase patisipasyon nan etid la,
- 6) Pou yo pèmèt ou poze nenpòt kesyon konsènan etid la, ni anvan ou aksepte patisipe, ni pandan etid la ap dewoule,
- 7) Pou yo di ou ki kalite tretman medikal ki disponib si vin gen nenpòt konplikasyon,
- 8) Pou refize patisipe nèt, oswa pou chanje lide sou patisipasyon apre etid la kòmanse. Desizyon sa a pa pral afekte dwa pou ou resevwa swen ou ta resevwa si ou pa te patisipe nan etid la,
- 9) Pou resevwa yon kopi fòm konsantman an ki siyen epi ki gen dat sou li,
- 10) Pou yo pa fè presyon sou ou lè ou ap anvizaje si ou vle aksepte patisipe nan etid la.

Doktè etid ou an pral di ou si Ajans pou Kontwòl Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) kontwole etid rechèch la. Si FDA kontwole etid sa a, dapre Lwa Federal sou Manje, Medikaman, ak Pwodi Kòsmetik (Federal Food, Drug, and Cosmetic Act, FD&C Act), FDA ka enspekte ak kopye tout dosye anrapò ak patisipasyon ou nan etid la.

Si ou gen lòt kesyon ou dwe poze chèchè a oswa asistan rechèch la kesyon yo. Anplis, ou ka kontakte Komite Revizyon Enstitisyonèl la (Institutional Review Board, IRB), ki okipe pwoteksyon patisipan nan pwojè rechèch. Pou kontakte biwo IRB an, ou gendwa: rele (415) 476-1814 soti 8:00 AM rive 5:00 PM, lendi jiska vandredi, oswa ou ka ekri Pwogram Pwoteksyon Rechèch sou Moun nan UCSF (UCSF Human Research Protection Program), Box 1288, 490 Illinois Street, Floor 6, San Francisco, CA 94143, oswa voye yon imel bay irb@ucsf.edu.

Rele (415) 476-1814 oswa voye yon imèl bay irb@ucsf.edu pou jwenn enfòmasyon sou tradiksyon yo.